



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FWA ETA NEW YORK RE-IMAJINE 2021 AN

Fwa Eta Re-imagjine a pral yon evènman k ap dire plizyè semèn ki prezante pi bon manje ak bwason New York, manèj ak jwèt, pèfòmè nasyonal ak divètisman an dirèj, ak edikasyon agrikòl ak sansibilizasyon nan kat festival diferan epi an menm tan

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Fwa Eta New York Re-imagjine 2021 (2021 Reimagined New York State Fair) an, yon selebrasyon espesyal nan fen sezon ete a nan Pak Ekspozisyon Eta New York nan Syracuse soti 20 out rive 6 septanm. Fwa inik sa a pral prezante pi bon manje ak bwason New York yo, mizik ak lwazi an dirèk, manèj nan, ak edikasyon agrikòl ak sansibilizasyon nan kat festival diferan, epi an menm tan an ki pral fèt sèlman nan zòn deyò lakou pak ekspozisyon yo. Admisyon an se 3 pou chak moun, epi timoun ki poko gen 12 kapab rantre gratis.

"Fwa Eta New York la se youn pami pi gwo atraksyon touris epi ki pi enteresan nou yo ki selebre lespri New York ak jenere kwasans ekonomik pou rejyon an ak tout eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te deja di plizyè fwa ke pa gen moun ki vle louvri Fwa a ane sa a plis pase mwen - epi n ap finalman fè li rive nan yon fason ki an sekirite, responsab ak Fwa Eta New York Re-imagjine 2021 an. Selebrasyon sa a se yon rekonpans inik pou Nouyòkè ki te fè anpil sakrifis pandan pandemi sa a epi ki pral pèmèt vizitè ki soti toupatou nan eta a ak nan peyi a jwi kèk nan pi bon atraksyon Fwa a genyen pou li ofri avèk tout direktiv sekirite nesèsè ki an plas yo. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou yon retoun konplè pi gwo evènman New York yo pandan n ap kontinye re-ouvri ak re-imagjine ekonomi eta nou an."

Fwa Eta New York Re-imagjine 2021 an pral fèt nan kat zòn deyò nan lakou pak ekspozisyon yo, youn k ap reprezante chak pami pi gwo eleman ki fè fwa a gran, tankou:

- Etalaj manje ak bwason eksepsyonèl ki gen ladan kèk nan eksperyans gastronomik ki pi anblematik nan Fwa a, tankou Pizze Fritte, yon sandwich sosis ak slòchi ak diven;
- Konsè chak jou k ap fèt pa pèfòmè ki an toune nasyonal sou tèren festival pitorès ak espasye Eksperyans New York (New York Experience) la;
- Manèj lwazi, jwèt ak atraksyon pasyonan pou tout kategori laj sou Midway la;

- Ekspozisyon animal fèm pou entwodwi jèn ak timoun yo nan agrikilti New York la.

Pami atis ki pral pèfòme yo se REO Speedwagon, Dropkick Murphys, Sheena Easton, Great White ak Vixen ak Oak Ridge Boys.

Ane pase a, pandemi COVID-19 la te lakòz anilasyon Gran Fwa Eta New York la. Ane sa a, yo te planifye ak prepare fwa ak pak ekspozisyon yo an akò avèk konsèy sante ak sekirite COVID-19 Depatman Sante (Department of Health, DOH) a. Kòm kondisyon sante piblik ak oryantasyon an chanje, fwa a pral adapte ak respekte tout pwotokòl sante ki aplikab yo, tankou restriksyon kapasite, distans sosyal, kouvèti vizaj, ak depistaj sante kote sa nesèsè.

Yo planifye pou admisyon chak jou yo limite a apeprè 50 pousan kapasite pou zòn ki disponib pou patisipan yo pou pèmèt distans sosyal. yo pral re-ekzamine ak ajiste limit kapasite a si sa nesèsè pou konfòme yo avèk direktiv sante ak sekirite yo. Bilding pak ekspozisyon yo pa pral ouvè pou piblik la, eksepte twalèt yo. Patrisipan yo pral oblije obsève distans sosyal ak mete mask, eksepte lè yo ap manje oswa bwè. Moun ki ap achte manje ak bwason yo pral mande yo chita pandan y ap manje ak bwè, ak anpil tab ak espas pou manje pral disponib. Manèj Midway, jwèt ak atraksyon, ansanm ak tout sifas kontak kliyan frekante souvan yo pral netwaye ak dezenfekte ak rigè epi souvan.

Yo pral vann tikè pou chak nan zòn deyò yo, kidonk fanmi yo ka deside ki zòn yo vle vizite ak planifye jounen yo kòm sadwa. Pou asire limit kapasite ak distans sosyal, yo pral limite prezans nan konsè ak lòt nan pèfòmans an dirèk yo.

Komisè Agrikilti a, Richard A. Ball, te deklare, "Aprè yon absans ki long e difisil, manje ak bwason ki grandi ak fèt nan New York pral disponib ankò nan Pak Ekspozisyon yo. Fanmi yo pral kapab entwodwi yon lòt fwa ankò jèn yo ak bèt yo ki se yon pati enpòtan nan agrikilti eta nou an. Nou kontan re-akeyi moun yo nan Pak ekspozisyon yo kòm yon siy ke, atravè travay di yo ak sakrifis yo, lavi a ap retounen nan nòmal tou dousman".

Direktè Fwa Eta a, Troy Waffner, te deklare, "Nou te onore pou te sèvi eta a kòm youn nan pi gwo sant vaksinasyon nan peyi a e nou kontan ke enstalasyon nou yo te itilize pou kolekte san, tès ak lòt aspè nan batay kont COVID-19 la. Kidonk, se pral yon plezi espesyal pou re-akeyi moun yo nan Pak ekspozisyon yo pou nou ka fè sa nou fè pi byen - montre Nouyòkè yo yon bon moman".

Yo pral anonse pita plis detay sou lavant tikè fwa yo ak detay sou règleman espesifik pou envite yo epi yo sijè a chanje avèk konsèy sante ak sekirite Eta a. Tanpri vizite [sit entènèt](#) Fwa Eta New York la pou plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)